



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE
SÈJAN TEKNIK CHRISTOPHER P. ROCK KI TE TONBE**

Drapo yo ap flote a demi ma 12 desanm

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding Eta a yo pral flote a demi ma nan 12 desanm, depi solèy leve jiska solèy kouche, pou onore Sèjan Teknik Christopher P. Rock ki te tonbe.

"Sèjan teknik Christopher P. Rock te yon fonksyonè piblik vanyan pou fanmi li, kominote a ak Eta New York la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sèjan Rock kite dèyè yon eritaj sèvis ak konsèy ke yo p ap janm bliye, pi kè m ale jwenn fanmi l pwòch li yo."

Nan dat 3 desanm 2023, Sèjann Rock te mouri nan yon maladi ki te atrape nan travay li nan ak alantou sit World Trade Center a apre atak teworis 11 septanm 2001 an. Li te retrete nan Lapolis Eta New York apre 26 ane nan sèvis devwe nan dat 27 septanm 2013. Sèjan Rock soti Kerhonkson, NY, epi li te viv bò kote madanm li.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)